# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

झांसी के महारानी लक्ष्मीबाई मेडिकल कॉलेज में सुक्क के राति आग लगले के घटना में मृतक जनमतुआ लइकन क सख्या एग्यारह हो गइल बाटे। येह बिच्चे प्रकरण के जांचि बदे चिकित्सा सिक्षा विभाग चार सदस्यन क समिति बनवले हवे।

विभाग क प्रमुख सचिव पार्थ सारथी सेन शर्मा कालि्ह चिट्ठी जारी कई के तीन बिन्दुअन पर महानिदेसक चिकित्सा सिक्षा अउर प्रसिक्षण के अध्यक्षता वाली येह समिति के जांचि कइले क निरदेस दिहले हवें। ओहर राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोगो येह मामिला क स्वतः संज्ञान लेत राज्य सरकार के नोटिस जारी कइ के मुख्य सचिव अउर पुलिस महानिदेसक से एक हफ्ता के भितरे पुरहर विस्तृत जनकारी मंगले हउवे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी **एक पेड़ मॉ के नाम** अभियान के उपयोगी बनवले में सहायक सज्जों लोगिन क आभार जतवले हवें। श्री मोदी सोसल मीडिया पर जनता से पर्यावरण संरक्षण बदे अपने मॉ के सम्मान में एगो पेड़ लगवले क आग्रह कइले रहलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो येह अभियान के जरिए सौ करोड़ से ज्यादे पौधा लगवले के ऐतिहासिक उपलब्धि पर बधाई दिहले हवे। एगो सोसल मीडिया सनेसा मे उहां के कहलीं कि उत्तर प्रदेसो येह जन भागीदारी में अग्रणी भूमिका निभा रहलि हउवे। पूरा देस में ई पहल विस्व पर्यावरण दिवस के मौका पर पांच जून के प्रधानमंत्री के अगुवाई में भइल रहे।

**********

प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिनि पर बीस नवंबर के होखे वाले उपचुनाव बदे परचार अभियान जारी बाटे। समाजवादी पारटी क वरिष्ठ नेता अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव आजु अम्बेडकर नगर जिला के कटेहरी विधानसभा क्षेत्र से सपा ओम्मेदवार शोभावती वर्मा के समर्थन में जनसभा के संबोधित कइलें। उहां के लोगिन से जनता के सेवा, संविधान के सुरक्षा अउर लोकतंत्र के मजबूती खातिर ओट दिहले क अपीलि कइलीं।

ओही भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक मिर्जापुर जिला के मंझवा विधानसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार सुचिष्मिता मौर्य के समर्थन में जन चौपाल कार्यक्रम के संबोधित कइलें। उहां के मतदाता लोगिन से भाजपा के आपन आशीर्वाद अउर ओट देके प्रचंड जीत दियवले क अनुरोध कइलीं।

**********

अजोध्या के मणिरामदास छावनी से दुइ सौ से ज्यिादे साधु संतन के साथे आजु भरत यात्रा चित्रकूट धाम बदे रवाना हो गइल। महंत कमलनाथ क अगुवाइ में आजु भरत अउर सत्रुघन के प्रतीकात्मक स्वरूप के पूजन के बादे पांच दिन कै इ यात्रा सुरू हो गइल। नन्दीग्राम, कुशभावनपुर अउर प्रयागराज के राहि होत चित्रकूट पहुची। आवे वाले इक्कइस नवंबर के यात्रा फेरि से अजोध्या वापिस लवटी।

**********

कुशीनगर जिला में पीपीपी मॉडल से करीब दस से पचास एकड़ जमीन पर औद्योगिक पार्क बनावल जाई। ई जनकारी जिला उपायुक्त उद्योग अभय कुमाार सुमन दिहले हवें। उहां के बतउलीं कि प्लेज योजना क जरिए इन्फ्रास्टकचर विकसित करे बदे प्रति एकड़ एक फीसदी सूदि पर पचास लाख रूपिया तक के लोन मिली। येह में आम आदमी के साथे समूह बना के लोगि जमीन दिहले क फैसिला ले सकेलें।

**********

भगवान बिरसा मुण्डा के याद करे बदे देस भर में सैक्षणिक संस्थानन में जनजातीय गौरव पखवाडा मनावल जा रहलि हवे। देस भर में मनावल जाये वाला ई उत्सव भारत के समृद्ध आदिवासी विरासत अउर जनजातीय समुदायन के योगदान क सम्मान करे ला। केन्द्र सरकार पछिला दस बरिस में अनुसूचित जनजातीयन से जुड़ल विकास कार्य योजना बदे तय रासि में पांच गुना के बढोत्तरी कइले हउवे। आदिवासी छात्रन के गुणवत्तापूर्ण सिक्षा देवे बदे एकलव्य मॉडल आवसीय स्कूलिन क संख्या चारि गुना बढ़ा दिहल गइल हवे। येह अवधि मे सत्रह हजार करोड़ रूपिया से ज्यिादे क ओजिफो दिहल गइल हवे।

**********

गोरखपुर के वीर बहादुर सिंह स्पोर्ट्स कॉलेज में चलि रहलि **अड़सठवीं राष्ट्रीय विद्यालयीय कुस्ती प्रतियोगिता कुस्ती महाकुंभ दुई हजार चउबीस** में आजु प्रतियोगिता के दुसरका दिन्ने ओन्नइस खेलाड़ी हिस्सा लिहलें। चउवन किलो भार वर्ग बालिका कुस्ती प्रतियोगिता में हरियाणा के निशा गोल्ड, दिल्ली के वन्शू सिल्वर अउर उत्तराखण्ड के आर्या आ महाराष्ट्रा के क्षितिज ब्रान्ज मेडल जितलिनि। ओहीं सत्तावन किलो भार वर्ग बालक कुस्ती प्रतियोगिता में हरियाणा के विनीत सिंह गोल्ड कर्नाटक के रफीक सिल्वर अउर मध्य प्रदेश के नैतिक सिंह आ उत्तर प्रदेश के कृष्ण यादव ब्रान्ज मेडल जितलें।

**********

प्रदेस में अगिला चारि से पांच दिन ले मौसम सुस्क रहि। येह दौरान भिन्नही हल्लुक से लेके मध्यम कुहेसा छवले रहले क आगम बाटे। मौसम विभाग अनेसा जतवले हउवे कि येह दौरान अधिक्तम अउर न्यूनतम पारा दुइ डिग्री सेल्सियस ले गिरि सकेला सथहीं पूर्वी उत्तर प्रदेस में अगिला दुई दिन में रात अउर भिन्नही के समय घना से ले के बहुते घना कुहेसा गिरले क आगम बाटे। येह क्षेत्र के गोरखपुर अउर लग्गे के जिलन में आजु भिन्नही ढेरि देरि ले कुहेसा क प्रभाव रहल बाकिर दिन्न में मौसम साफ अउर सुस्क हो गइल।

**********